QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«14» июль 2021-y. №03-02/02-3284 «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Нөкис қаласы, 23-киши район, 1/19-жай 25-ханада жасаўшы 1993-жылы туўылған пуқара Д.Сейтмуратовтың 2021-жыл 6-июль күни Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасына жоллаған мүрәжаты бойынша төмендегилерди билдиреди:

Пуқара Д.Сейтмуратовтың жасының мектеп жасынан өтип кеткенлиги себепли, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 15-ноябрьдеги 13-мҳ-санлы "Экстернат ҳаққындағы режеге өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында"ғы буйрығы менен тастыйықланған Реже талаплары тийкарында экстернат тәртибинде аттестациядан өтип шаҳодатнома ҳәм аттестат алыў ҳуқықына ийе.

Атап айтқанда, Режениң 5-бәнтинде "Аттестацияда улыўма орта билим бериў бағдарламаларын мәмлекетлик билимлендириў стандартлары тийкарында 9-класс шеңберинде өз бетинше өзлестирген ҳәм тийисли жылда 16 жасқа толатуғын ҳәмде оннан үлкен жастағы пуқаралар, улыўма орта билим бериў бағдарламаларын мәмлекетлик билимлендириў стандартлары тийкарында 11-класс шеңберинде өз бетинше өзлестирген ҳәм тийисли жылда 18 жасқа толатуғын ҳәмде оннан үлкен жастағы пуқаралар қатнасыўы мүмкин" екенлиги атап өтилген.

Сондай-ақ, 5-бәнтиниң 1-хат басында "Улыўма орта мағлыўмат ҳаққындағы шаҳодатномаға ийе пуқаралар 11-класс көлеминде аттестациядан өткериледи, экстерн бир ўақыттың өзинде 9-класс ҳәм 11-класс шеңберинде аттестациядан өткерилмейди" деп көрсетилген.

Көрсетип өтилген Режениң 7-бәнтинде "Экстернат тәртибинде аттестациядан өтиўши пуқаралар тийисли жылдың 1-май күнине шекем белгиленген мектеп директоры атына арза менен мүрәжат етеди" деп, ал 8-бәнтинде болса "Экстернниң арзасына төмендеги ҳүжжетлер қосымша етиледи: баҳалар (өзлестириў) табели (егер бар болса), экстерннин 3,5х4,5 см өлшемдеги реңли фотосүўрети, паспорт көширмеси, экстерн паспорт алмаған болса, оның туўылғанлық ҳаққындағы гүўалығы нусқасы (тийкары көрсетилген ҳалда)" деп көрсетип өтилген.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен 2021-жыл 2-март күни "Улыўма орта билим бериў көлеминде Экстернат тәртибинде жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестация өткериў

ҳаққында"ғы 49-санлы буйрығы тийкарында Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 38-санлы улыўма орта билим бериў мектеби белгиленип, экстернат тәртибинде мәмлекетлик имтиханлардан өтиў ушын жәми 331 пуқара тәрепинен ҳүжжетлер тапсырылып, усы жылдың 27-сәнесинен баслап 14-июнь сәнесине шекем жуўмақлаўшы имтиханлар болып өтти. Бүгинги күнде экстернат тәртибинде мәмлекетлик аттестациядан өткен пуқараларға аттестат ҳәм шаҳодатномалары толығы менен берилип болынды.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, пуқара Д.Сейтмуратовқа Реже талаплары тийкарында 2022-жылдың 1-март сәнесинен 1-май сәнесине шекем белгиленген мектепке ҳүжжет тапсырып жуўмақлаўшы мәмлекетлик аттестациядан өтип, 9-класс питкергенлиги ҳаққындағы шаҳодатномасын, 2023-жылы 11-класс питкергенлиги ҳаққындағы аттестатын алыўына ҳуқықлы екенлиги түсиндирилди.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Ижрочи: М.Асеметдинов
Тел: 61 222-16-51